# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# कलीसिया क मुसीबतन से सामना


लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Ruth Klassen


कहानी 56 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children,*** *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

परमेश्वर की बेटा यीशु मसीह की मूवलन में से जी उठला की पचास दिन बाद, पवित्र आत्मा उनकी अनुयायियन की संगे रहे खातिर अइलन। हालांकि चेला ए बात के समझ ना पवलें की परमेश्वर पिता, परमेश्वर क बेटा (यीशु) अउर परमेश्वर क पवित्र आत्मा सब, एकही त्रिएक परमेश्वर हउवें; उ अपनी साथ में परमेश्वर के होखले मात्र से ही खुश रहलें। परमेश्वर प्रेरितन के यीशु की बारे में दूसरा लोगन के बतावे खातिर अद्भुत रीति से मदद कइलें।



1

यीशु पर विश्वास करे वाला सब लोग आपन सबकुछ साझा क समझत रहलें ताकि उ गरीबन क देखभाल अउर मदद कर सकें। लेकिन हनन्याह अउर सफीरा नामक एगो पति-पत्नी बेईमानी कइलें। उ लोग कुछ जमीन क टुकड़ा बेचलें अउर प्रेरितन की पास सब पइसा लीअइला क नाटक कइलें। उ खुद की खातिर, चुपके से, कुछ वापस रख लिहले रहलें।



2


"काहें से शैतान तोहन लोग की दिल के... पवित्र आत्मा से झूठ बोलला खातिर भर दिहलस हअ?" पतरस हनन्याह से पूछलन।
3


"तू आदमी लोग से ना, लेकिन परमेश्वर से झूठ बोलले बाड़अ" तब तुरंत हनन्याह नीचे गिर गइलन। अउर उ अंतिम साँस लीहलन। तब जवान पुरुष उनके लपेटलें, बाहर ले गइलें अउर उनके दफना दिहलें।
4


थोड़ा समय बाद, सफीरा अपनी पति की मउवत क खबर जानले बिना अंदर अइली। उ हो पइसा की बारे में झूठ बोलली - अउर उनकरी साथ ओइसने भइल। जेतना लोग ए बात के सुनल उन लोगन पर एगो बड़ा भय छा गइल।
5


परमेश्वर क पवित्र आत्मा प्रेरितन की माध्यम से कई अद्भुत चिन्ह अउर चमत्कार कइलें। उदाहरण की खातिर – जे लोगन पर पतरस क खाली परछाईं मात्र पड़त रहल,
उ बीमार लोग भी चंगा हो जात रहलें।
6


परमेश्वर की उपस्थिति अउर उनकरी महान चमत्कारन के दिखावला क एगो उज्वल समय रहल। अधिक से अधिक लोग यीशु पर विश्वास कइलें। ई बात महायाजक लोग के बहुत क्रोधित कर दिहलस।
उ प्रेरितन के जेल में डाल दिहलें!
7


लेकिन एक रात प्रभु क एगो दूत जेल की दरवाजन के खोल दिहलन, उन सबके बाहर ले अइलन, अउर उनसे कहलन, जा "मंदिर में खड़ा होखअ, अउर ए जीवन क सब बातन के लोगन के बातावअ।" प्रेरित बाहर चल गइलें अउर यीशु की बारे में प्रचार करल शुरू कइलें। सुबह में, महायाजक क आदमी लोग जेल के खाली पवलें।
8

आखिरकार जब उ ओ लोगन से मिललें तब महायाजक लोग प्रेरितन के बहुत डटलें। "का हमनी क कड़ाई से तोहन लोग के ए नाम के सिखवला खातिर मना ना कइलें रहलीं हँअ जा?"



9

पतरस अउर अन्य प्रेरित लोग जवाब दिहलें, "हमनी क, मनुष्यन की तुलना में परमेश्वर की आज्ञा क पालन करल चाहब जा" एसे महायाजक बहुत गोसिया गइलन अउर प्रेरित लोग के जान से मार डालल चाहत रहलें। परन्तु उ ओ लोगन के बेतन से मार के छोड़ला क आदेश दिहलें।



10

उ प्रेरित लोग ए दर्द की बावजूद, परमेश्वर की बात के मनलें अउर यीशु की बारे में उपदेश दीहल जारी रखलें।



11

एक दिन स्तिफनुस नामक एगो व्यक्ति के गिरफ्तार कर लिहल गोइल। स्तिफनुस प्रभु यीशु के प्यार करत रहलन। पवित्र आत्मा उनके यीशु की बारे में दूसरा लोगन के बतावे खातिर इस्तेमाल करत रहल। कुछ लोग स्तिफनुस पर परमेश्वर की खिलाफ बोलला क झूठ इल्जाम लगवलें।



12

उनकर मजाक उड़वला की बाद, स्तिफनुस के यीशु में विश्वास कइला की कारन, पत्थरवाह करके जान से मार दिहलें।



13

उनकरी मौत से पाहिले, स्तिफनुस, पवित्र आत्मा से भर के, स्वर्ग में टकटकी नजर से परमेश्वर के दाहिने ओर खड़ा यीशु मसीह अउर परमेश्वर की महिमा के देखलन।



14

जइसे भीड़ स्तिफनुस पर पत्थरवाह करत रहे, उ परमेश्वर के बोलावत बोलावत कहलन, "प्रभु यीशु, हमरी आत्मा के ग्रहण करीं" फिर, क्रूस पर यीशु की मौत की तरह, ई बहादुर परमेश्वर क जन उनकरी हत्यारन के माफ करे की खातिर प्रार्थना कइलें अउर अंतिम साँस लीहलें।



15

स्तिफनुस की मउवत क उत्पीड़न एगो नाया लहर शुरू कर दिहलस। स्तिफनुस की हत्यारन क मदद करे वाला में शाऊल नाम क एगो युवक, हर मसीहियन के, जे केहु ओ के मिलल गिरफ्तार करे लागल।



16

ओमें से बहुत सारा लोग अपनी घरन के छोड़कर के भाग गइलें; अउर यहूदिया अउर सामरिया में फईल गइलें। खाली प्रेरित लोग ही यरूशलेम में रुकल रहलें।



17

जबकि उनकर दुश्मन ओ लोगन के मरला की कोशिश में रहलें; पर बिखरल लोग जहाँ कहीं भी गइलें; यीशु क शुभ सन्देश हर जगह ले गइलें। केहु भी यीशु की अनुयायियन के रोक ना सकल - काँहे से कि परमेश्वर क पवित्र आत्मा उन सब में वास करत अउर उनकी द्वारा काम करत रहल।



18

कलीसिया क मुसीबतन से सामना

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

प्रेरितन क काम 5-7

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा
जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा
यीशु के धरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के
पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक
गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ
बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी
खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउअ
ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि
हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह
सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह
रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !